

Moun nan anpil  
rejyon lemonn tankou  
Lachin, Vyetnam,  
Kanbòdj, Lawòs, ak  
Taylann gen pwofil  
alfa-talasemi  
pa gen pwofil  
alfa-talasemi souvan.

Anjeneral moun ki gen  
pwofil alfa-talasemi  
pa gen sentòm yo.

Ou ka gen pwofil  
alfa-talasemi epi  
ou pa konnen sa.



Cooley's Anemia Foundation  
330 Seventh Avenue, #200 New York, NY 10001  
(212) 279-8090 FAKS (212) 279-5999

[www.thalassemia.org](http://www.thalassemia.org)

Èske Ou Te  
Teste pou Pwofil  
Bèta-Talasemi?

Talasemi se non yon gwoup twoub jenetik nan san. Plis pase de milyon moun nan Etazini gen pwofil jenetik la pou talasemi.

Ou ka youn nan moun sa yo.

Gen de rezon ki enpòtan anpil pou chèche konnen si ou gen **pwofil alfa-talasemi**:

Premyèman, lè de moun ki gen **pwofil alfa-talasemi** gen yon pitit, gen yon chans sou kat (25%) pou pitit yo fèt avèk yon **maladi san grav** k ap bezwen transfizyon san ak tretman avèk medikaman avi.

Dezyèmman, kèk doktè ka fè erè pou panse **pwofil alfa-talasemi** se yon lòt pwoblèm medikal epi preskri tretman ki pa kòrèk la pou ou.


Li fasil pou chèche konnen si ou gen **pwofil alfa-talasemi**.

Premye etap pou chèche konnen si ou gen **pwofil alfa-talasemi** se pou mande doktè ou pou analize gwosè globil wouj ou yo. Doktè a ap montre sa avèk Volim Mwayen Kò (Mean Corpuscular Volume, MCV) Emogram Konplè (Complete Blood Count, CBC) ou. Doktè ou ka deja gen yon dosye CBC ou anplas.

Si chif MCV ou pi piti pase 80, ou ka gen **pwofil talasemi**. Lòt tès, tankou yon elektwoforèz emogloblin ak yon feritin serik pral nesèsè pou doktè a detèmine si ou gen **pwofil alfa-talasemi**. Doktè ou kapab rekòmande pou ou fè tès sa yo.


## Gen de kalite **pwofil alfa-talasemi**:

1




**Pòtè sil asye:**  
Pwoblèm sa a pa lakòz pwoblèm sante epi doktè kapab dekouvri li avèk tès ADN espesyal.

2




**Pwofil alfa-talasemi:**  
Anjeneral pwoblèm sa a pa lakòz pwoblèm sante ki pa yon posib anemi lejè. Globil wouj yo pi piti pase gwosè nòmal yo. Doktè fè erè souvan **pou panse alfa-talasemi** se anemi akòz defisyans fè.

Si yon paran gen pwofil pou **alfa-talasemi** lòt paran an se yon pòtè silansye, gen yon chans 25% avèk **chak** gwosès pou pitit yo fèt avèk **maladi emogloblin H**. Pwoblèm sa a kapab lakòz pwoblèm sante grav, tankou agrandisman larat la, defòmite zo, ak fatig.



Si toulède paran yo gen **pwofil alfa-talasemi**, gen yon chans 25% avèk **chak** gwosè pou ki timoun nan ka eritye anazak fetal, ki rele **alfa-talasemi majè**. Maladi sa a bezwen tretman pandan gwosès la yon fason pou bebe a kapab siviv.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou talasemi, tanpri kontakte: Cooley's Anemia Foundation nan nimewo (212) 279-8090 oswa nan adrès imèl [info@thalassemia.org](mailto:info@thalassemia.org)  
Ou kapab ale tou sou sitwèb nou nan [www.thalassemia.org](http://www.thalassemia.org).

Si ou teste pou **pwofil alfa-talasemi** epi doktè a jwenn ou gen pwofil la, madanm/mari ou ta dwe teste tou pou **pwofil alfa-talasemi**.

Si oumenm ak madanm/mari ou gen **pwofil bèta-talasemi** epi nou planifye pou gen pitit, ou ta dwe chèche konsèy yon konseye jenetik.